



Pou Piblikasyon Imedya: 17/02/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO BAY LÒD POU FÈ ENVESTIGASYON JENI TEKNIK POU AKSELERE KONFINNMAN PANACH DLO ANBA TÈ LONG ISLAND LAN YO**

***DEC ap Akselere Asenisman Panach U.S. Navy ak Northrop Grumman Bethpage la epi l ap Kontinye Fè Polyè yo Asime Responsabilite yo***

***Anons lan vini aprè apèl Gouvènè Cuomo te fè oprè U.S. EPA (Environmental Protection Agency) a pou yo Reglemante 1,4-dyoksann lan, ki se yon Konpoze Chimik yo Itilize Souvan nan Aktivite Endistriyèl epi yo Jwenn nan Apwovizyonman Dlo NY yo***

***Pandan Tab Wond ki te fèt nan SUNY Farmingdale la, Komisè Zucker, Komisè Seggos, ak Fonksyonè Eta ak Konte yo te Diskite sou Mezi Eta ap Pran pou l Pwoteje Kalite Dlo Long Island yo***

***Ou ka Wè Foto Diskisyon Tab Wond lan yo [Isit la](#)***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay Depatman Konsèvasyon Anviwonmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la lòd pou yo antreprann yon investigasyon jeni teknik imedya pou akselere konfinnman panach dlo anba tè ki kontamine ak solvan endistriyèl yo nan sit U.S. Navy ak Northrop Grumman Bethpage la nan Konte Nassau a.

Investigasyon sa a pral evalye opsyon pou netwayaj akselere yo, ki gen ladan konfinnman konplè panach yo, pou yo ka asire kontaminasyon an pa menase plis pwi dlo potab yo. Nouvo mezi agresif sa yo fè pati efò New York kontinye ap fè pou fè polyè yo asime responsabilite yo epi itilize resous Superfund eta a pou reponn a mouvman kontaminasyon dlo anba tè yo.

“Pwoteksyon dlo potab New York yo enpòtan anpil epi se youn nan premye priyorite pou eta sa a,” **Gouvènè Cuomo te di.** “Nouvo investigasyon jeni teknik sa a pral fè vanse yon netwayaj agresif akselere pou asire moun Long Island yo gen aksè a resous dlo pwòp yo. Pwopozisyon bidjè nou an gen ladan yon rekò \$2 milya pou netwaye enfrastrikti dlo yo, epi ekip Repons Rapid pou Kalite Dlo (Water Quality Rapid Response) a kontinye konbat nan yon fason pwoaktif kontaminasyon dlo nan kominote atravè tout eta nou an yo.”

“DEC pral kontinye itilize tout otorite legal nou genyen pou nou fè Northrop Grumman ak Navy a asime responsabilite yo epi asire yo fè vanse yon fason rapid ak peye pou asenisman nesèsè pou netwaye kontaminasyon panach dlo anba tè sa a,” **Komisè DEC a, Basil Seggos te di.** “Nouvo investigasyon jeni teknik sa a pral founi apèsi ki enpòtan anpil ak rekòmandasyon desizyonèl ki ka pran pou asire netwayaj la fèt pi rapid epi pou plis pwoteje kominote ozalantou a.”

Mezi jodi a yo pral ajoute sou rezilta ak kòmantè yo te resevwa nan men distri dlo yo ak lòt espesyalis pou founi evalyasyon ki pi solid ak ki gen plis detay sou opsyon asenisman yo. Evalyasyon ki te fèt avan nan konfinnman idwolik ki plen yo te manke detay enpòtan anpil sou yon seri pwoblèm ki poko rezoud, ki gen ladan reyitilizasyon oswa reyalimantasyon nenpòt dlo nan pwi ak dlo trete.

Nouvo investigasyon sa a pral gen ladan sondaj sou tèren ak analiz jeni teknik yo pou yo konplètman idantifye fezabilite opsyon pou konfinnman kontaminasyon panach yo. Espesifikman, efò sa a pral:

- Idantifye ak evalye opsyon pou elimine, reyitilize, oswa reyalimante dlo trete anba tè yo;
- Fè sondaj sou tèren yo, analiz jeni teknik yo, fè tèz nan ponp sous akwifè yo, pou detèmine kantite, lokalite, ak pwofondè yo, epi depiste entèval pou ekstraksyon dlo nan pwi ki nesèsè pou jesyon panach yo;
- Kreye yon nouvo modèl dlo anba tè lokalize ak echantiyonaj dlo pou evalye:
  - migrasyon “sant pwen cho” (hotspots) kontaminasyon ki la deja yo epi potansyèl mouvman entèfas dlo dous-dlo sale a daprè diferan senaryo tretman yo
  - enfliyanse ogmantasyon kantite dlo anba tè yo retire nan pwi apwovizyonman dlo ozalantou yo
  - enpak sou dlo sou tè yo ak anviwonman maritim yo, ki gen ladan bè Great South Bay a
- Idantifye nouvo teknoloji tretman yo ak lokalite potansyèl pou sistèm tretman depwent yo, pandan y ap konsidere bezwen ki ka genyen alavni ak prezans kontaminan ki fenk ap parèt yo tankou 1,4-dyoksann.

Yo te prezante gran pwèn detay sou nouvo investigasyon jeni teknik eta a ap fè a pandan diskisyon tab wond sou kalite dlo Long Island lan Gouvènè Cuomo te òganize nan SUNY Farmingdale la. Konvèsasyon an te konsantre sou repons a menas resan sou resous dlo anba tè lokal yo, ki gen ladan trikloretilèn ak kontaminan ki pa reglemante yo tankou 1,4-dyoksann. Moun swivan sa yo te patisipe nan konvèsasyon konsènan mezi eta kontinye ap pran pou l reponn a nouvo menas nan kalite dlo a yo:

- Komisyone Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health) Doktè Howard Zucker
- Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwonman Eta New York la (New York State Department of Environmental Conservation), Basil Seggos
- Senatè John Brooks
- Senatè Todd Kaminsky
- Senatè Elaine Phillips

- Manm Asanble Anthony D'Urso
- Manm Asanble David McDonough
- Sipèvizè Vil Oyster Bay a, Joseph Saladino,
- Egzekitif Konte Nassau a, Edward Mangano
- Komisè Sante Konte Nassau Doktè Lawrence E. Eisenstein
- Komisè Shila Shah-Gavnoudias, Depatman Travay Piblik (Department of Public Works) Nassau a
- Joseph Velardi, Éd Lejislatif Senatè Hannon
- Carrie Gallagher, Direktè Depatman Konsèvasyon Anviwonman Rejyon 1 an
- Venetia Lannon, Sekretè Adjwen pou Anviwonman, Biwo Gouvènè a
- KoDirektè Sant Teknoloji Dlo Pwòp Stony Brook la, Doktè Harold Walker
- Michael Boufis, Direktè Jeneral, Distri Dlo Bethpage la
- John Reinhardt, Komisè Depatman Dlo Hempstead la
- Anthony Iannone, Direktè Jeneral Distri Dlo Hicksville la
- Stan Carey, Direktè Jeneral Distri Dlo Massapequa a ak Prezidan Konferans Dlo Long Island lan
- Andy Bader, Distri Dlo Plainview a ak Prezidan Asosyasyon Komisè Dlo Nassau/Suffolk yo
- Richard Humann, Konsiltan Distri Dlo H2M lan
- Adrienne Esposito, Direktè Egzekitif Kanpay Sitwayen pou Anviwonman (Citizens Campaign for the Environment)

Kontraktè DEC yo pral kòmanse sentetize enfòmasyon ak rapò aktyèl yo imedyatman epi idantifye travay sou tèren ki nesèsè ki pral kòmanse nan prentan 2017 la. DEC konte pibliye rezilta preliminè yo pou revizyon piblik la avan fen ane 2017 la.

Envestigasyon an pral analize tou ki rapò mwayen altènatif yo evalye yo genyen ak sipleman mezi asenisman ki te deja ankou yo oswa sa etablisman U.S. Navy a ak Northrop Grumman te pwopoze yo. Northrop Grumman ak U.S. Navy pral fè netwayaj kontaminasyon nan sit Superfund eta sa a anba plizyè Odonans Konsantman ak akò yo te fè ak Eta New York la yo. DEC ap egzije pou toudè pati konsène sa yo aseni kontaminasyon sòl ak dlo anba tè yo te jwenn nan kontaminasyon panach ki mezire prèske senk kilomèt nan longè ak 2 kilomèt nan lajè.

DEC pral konsidere nouvo analiz jeni teknik lan konfòmman ak lwa Superfund Eta ak Federal yo, epi si evalyasyon eta a egzije konfinman konplè, DEC pral egzije Northrop Grumman ak U.S. Navy pou yo fè ak peye pou tout mezi asenisman nesèsè yo. Eta te kòmanse fè yon Evalyasyon sou Domaj Resous Natirèl (Natural Resource Damages Assessment) yo pou kantifye enpak domaj ki fèt nan resous dlo anba tè yo epi pou yo jwenn finansman nan men pati konsène ki responsab yo pou sipòte pwojè restorasyon ekosistèm enpòtan yo.

Tab wond ki te fèt jodi a nan SUNY Farmingdale la ajoute sou diskisyon sou kalite dlo Long Island lan ki te fèt 11 Fevriye a nan Sant Teknoloji Dlo Pwòp (Center for Clean Water Technology) SUNY Stony Brook la. Aprè tab wond ki te fèt wikenn ki sot pase a, DEC ak DOH te anonse Eta New York la fè demann fòmèl pou Ajans Federal pou Pwoteksyon Anviwonman an (Environmental Protection Agency, EPA) etabli yon estanda ofisyèl pou dlo potab ki konsène kontaminan 1,4-Dyoksann gouvènman federal la pa reglemante a. Anba lwa Federal sou Salibrite Dlo Potab la (Safe Drinking Water

Act), EPA gen otorite prensipal pou reglemante kalite dlo potab. Nivo Maksimòm Kontaminan (Maximum Contaminant Level, MCL) se limit legal EPA etabli pou limite kantite yon sibstans ki ka genyen nan sistèm dlo piblik yo. Nan yon [Lèt](#) yo voye bay EPA, Gouvènè Cuomo endike klèman se yon pwoblèm ki egziste onivo nasyonal, men si gouvènman federal la pa pran mezi nesèsè pou reglemante 1,4-Dyoksann, New York pral etabli yon nivo MCL pou eta a:

**Komisè Sante a, Doktè Howard Zucker te di,** “Aksè a dlo potab pwòp se youn nan kesyon detèminan nan epòk nou an. Anba lidèchip Gouvènè Cuomo eta a pral kontinye angajman l pran pou l reponn a kontaminan 1,4-dyoksann ak lòt kontaminan ki fenk ap parèt yo avèk finansman solid, teknoloji inovatif yo, ak mezi agresif Ekip Repons Rapid Kalite Dlo (Water Quality Rapid Response Team) a te fè y.”

Jiskaprezan, non sèlman EPA pa te pran mezi pou etabli yon limit MCL pou 1,4-dyoksann lan, men gen yon pwen fèb nan egzansyon federal yo pou sistèm dlo piblik k ap sèvi mwens pase 10,000 abitan yo kote yo pa menm bezwen teste pou kontaminan ki pa reglemante onivo federal yo tankou kontaminan 1,4-dyoksann lan. Malgre inakasyon gouvènman federal la, Eta New York la te leve kanpe anba lidèchip Gouvènè Cuomo pou l konble vid la epi asire aksè a dlo potab pwòp toupatou nan eta a.

- Pi resaman, Gouvènè Cuomo [te pwopoze](#) yon investisman istorik \$2 milya nan pwopozisyon Bidjè Egzekitif li a ki pral rekonstwi ak repare enfrastrikti dlo enpòtan eta a.
- Ane pase, Gouvènè a te etabli Ekip Repons Rapid pou Kalite Dlo a pou yo idantifye ak rezoud enkyetid konsènan kontaminasyon dlo potab yo atravè tout eta a. Ekip Repons Rapid la t ap travay pou yo idantifye rapidman epi rezoud pwoblèm ki genyen sou kalite dlo potab atravè eta yo, epi l ap vanse vè lavan avèk yon pwopozisyon agresif pou asire yo fè prelevman nan tout sistèm dlo piblik Long Island yo ak atravè tout eta a yo -- kèlke swa gwosè yo.
- An Septanm 2016, Depatman Sante Eta New York la te apwouve yon nouvo, teknoloji tretman dlo ki itilize Pwosesis Oksidatif Avanse (Advanced Oxidative Process) pou retire 1,4-dyoksann nan dlo potab yo. Pwojè pilòt sa a esansyèl padan eta ap rantabilize nouvo teknoloji pou l ka rete antèt pwoblèm ki konsène kalite dlo k ap parèt atravè New York yo.
- Gouvènè Cuomo te akòde resaman Sant Teknoloji Dlo Pwòp Eta New York la nan SUNY Stony Brook la \$5 milyon tou pou rantabilize inovasyon ak pwomouvwa avansman nan teknoloji dlo pwòp yo. Yo te mete aksan sou travay sa a ki pral gen ladan l devlopman ak avansman teknoloji tretman dlo yo pou trete 1,4-dyoksann.
- Depatman Konsèvasyon Anviwonman (Department of Environmental Conservation) an ap pran mezi tou pou prevni dechaj 1,4-dyoksann k ap soti nan sal lavaj yo lè yo egzije kèk sal lavaj nan Long Island yo pou yo preleve echantyon 1,4-dyoksann kòm yon kondisyon nouvo Sistèm Eliminasyon Dechaj Polisyon Eta a yo (State Pollution Discharge Elimination System, oswa SPDES) pou lisans yo.
- DEC pral kòmanse egzije tout sit Superfund Eta yo pou yo teste pou 1,4-dyoksann. Depandan de rezilta prelevman yo, DEC pral pran mezi apwopriye pou fè respekte estanda anba otorite Superfund Eta a pou yo redwi 1,4-dyoksann kòmanse depi nan sous li.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418